

UNIONDALE UNION FREE SCHOOL DISTRICT

933 GOODRICH STREET, UNIONDALE, NEW YORK 11553-2499

Website: <http://district.uniondaleschools.org>

BOARD OF EDUCATION

CHARMISE P. DESIRÉ, President
NEVILLE G. GEORGES, Vice President
ADELINA BLANCO-HARVEY, Trustee
JUSTIN BROWN, Trustee
CAROL EASON, Trustee
BAILEY JEFFRIES, Student Member

WILLIAM K. LLOYD, PH.D.

Superintendent of Schools
516-560-8824 • FAX 516-414-5675
E-MAIL: wlloyd@uniondaleschools.org

ADMINISTRATION

RHONDA A. TAYLOR

Assistant Superintendent for Curriculum and Instruction
516-560-8825 • FAX 516-560-8917

MYRTLE E. DICKSON, PH.D.

Assistant Superintendent for Human Resources
516-560-8822 • FAX 516-560-8927

STEVEN M. EPSTEIN

Assistant Superintendent for Business Affairs
516-560-8801 • FAX 516-918-1071

DISTRICT CLERK

OLENA NICKS
516-560-8945 • FAX 516-918-1060

9 mas 2020

Chè kominate Uniondale la ak tout moun k ap travay nan distrik la,

Te gen anpil moun nan kominate a ki te konsène ke te ka gen elèv ki vin an kontak ak de moun ki teste pozitif pou viris korona a.

Yo enfòme distrik la eke rezidan Uniondale la kite djagnostike ak viris korona a se yon paran ak yon lafanmi yon elèv ki lan distrik la. **Men tou – nou vle siyale pwen sa a – Depatman Lasante Vil Nassau a (Nassau County Department of Health - NCDOH) bay distrik la tout asirans ke ni elèv nou an, ni okenn lòt manb lafanmi ni te pran kontak ak paran sa a nan tan ke li te ka kontakte viris sa a oubyen devlope sentòm ki fè yo vin anfèmen li pou tretman.** An lòt tèm, pa gen okenn rezon pou konsène ke elèv sa a oubyen manb lafanmi ni te ekspoze a viris korona a atravè kontak paran sa a.


Depatman Lasante Vil Nassau a (Nassau County Department of Health - NCDOH) enfòme distrik la tou apremidi a ke li konfime ke de lòt elèv nan disrik la te rantre an kontak ak de endividé andeyò distrik la ki te teste pozitif pou viris korona a. **De elèv sa yo teste negatif**, men pa mezi de prekosyon NCDOH la pase lòd bay chak elèv sa yo pou yo rete an karantèn an dedan lakay yo jiskaske yo di yo yon lòt bagay. NCDOH la fè distrik la konnen ke apa de elèv sa yo ki pap vin lekòl la jiskaske de elèv sa yo, ak lafanmi yo ak distrik la resevwa lòd de NCDOH ke li toutafè oke pou yo retounen lokol, eke distrik la pa bezwen pran okenn lòt aksyon kounye a. Akòz de sa tout lekòl nan distrik la ap rete ouvè epitou tout aktivite nan tout distrik la ap kontinye kòm dabitid.

Ankò, nou vle repete bay tout manm kominate yo ak fanmi yo ke lekòl nou yo rete san danje pou tout timoun, anplwaye ak tout moun kap vizite lekòl nou yo. Tout klas, aktivite aprè-lekol ak evenman distri a ap kontinye fonksyone jan yo pwograme yo. Nou pral kontinye ranfòse chak jou netwayaj ak desenfekstan nan bilding lekòl yo nou yo, ki enkli salklas, Klavye ödinatè, twalèt, manch pòt ak tout lòt sifas nan zòn kominalyo. Nou reyalize sitiyasyon sa a ap toujou chanje, se pou tèt sa nou pral kontinye gen kontak chak jou ak ofisyèl lockal yo sante y oak eta sante nou yo. Nou pral kontwole sit entènet Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC). Depatman Sante Etat New York, Depatman Edikasyon Eta New York, ak Depatman Sante Nassau, epi mete kominate a ajou sou tout nouvo enfòmasyon ki disponib.

Ou ka wè ke nan fen semen nankèk lekòl ak inivèsite yo te fèmen pou dives peryòd tan tankou pou direksyon an nan ofisyèl sante, konsènan sikontans espesifik yo. Depatman Sante Konte a ak Eta New York rete an kontak regilye ak tout distri lekòl yo epi yo pral recòmande imedyatman fèmen si sikontans la pi grav. Pandan ke nou pa gen okenn endikasyon nan momn=an sa ake lekòl nu yo bezwen fèmen, nap anvisaje tout posiblite an ka ke sa vin nesesé.

Bagay ki pi enpòtan nou tout ka fè se rete kalm epi pran direksyon nan men ekspè yo nan nivo federal, eta a ak konte. Kòm toujou, si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri pa ezite rele direktè bilding pitit ou a. Ms. Sylvia Kallich, Asistan Administratif pou Sèvis Sante nan 516-560-8851, oswa biwo mwen dirèteman.

Trè sensèman,


Dr. William K. Lloyd

Supètentandan distri lekòl yo

CC: Konsèy Edikasyon

Dr. Lawrence Eisenstein, Nassau County Commissioner of Health

Mr. Peter LaDuka, Nassau BOCES Health and Safety Executive Manager Dr.
Emmanuel St. Louis, Uniondale Medical Director